

# Gid pou eleksyon



## Poze kandidati w

Senk (5) premye rezon ki fè ou ta sipoze poze kandidati w pou youn nan pozisyon sa yo ki gen anpil enpak:

- 1 Jwenn enfòmasyon sou inisyativ, lekòl ak pwogram DOE
- 2 Defann sa ki enpòtan pou ou kòm yon paran
- 3 Vote sou rezonaj lekòl yo, fèmti, ak kolokasyon lekòl
- 4 Bati relasyon avèk lòt paran
- 5 Angaje dirèkteman avèk lidèchip lokal, lidèchip distri, ak lidèchip DOE kòm patnè k ap kolabore pou prepare pou avni kominote lekòl nou yo

**32**

Konsèy  
edikasyon  
kominote (CEC)  
reprezante 32  
distri lekòl  
kominote atravè  
senk borough yo

**4**

Konsèy pou tout  
vil la ki reprezante  
Lekòl segondè,  
Elèv k ap aprann  
lang anglè ak Elèv  
ki gen andikap

**36**

**Konsèy Edikasyon**

## Kisa Konsèy Edikasyon yo ye?

Konsèy Edikasyon yo ede gide règleman ak priyorite pou lekòl Vil Nouyòk.

Travay ak pouvwa konsèy yo gen ladan pami lòt, pou bay konsèy sou tout yon seri kesyon, pandan y ap travay dirèkteman avèk sipèantandan distri yo, revize pwogram pedagojik distri yo, apwouye delimitasyon zòn sektè lekòl, organize asanble kominotè (town halls) ak fè rekòmandasyon sou amelyorasyon pou yo pote nan lekòl. Gen 32 Konsèy edikasyon kominote (CEC) ak 4 Konsèy pou tout Vil la.

### 32 Konsèy Edikasyon Kominote

#### Konsèy Edikasyon Kominote (Community Education Council, CEC)



##### ● 10 paron yo eli ladan:

- Yon (1) paron elèv k ap aprann lang anglè (*English Language Learner, ELL*)
- Yon (1) paron elèv edikasyon espesyal
- Yon (1) paron elèv ki nan yon lekòl Distri 75  
(Si pitit ou a nan yon pwogram Distri 75, ou ka poze kandidati w pou yon plas nan CEC ki pou distri kote pwogram pitit ou a ye a)

##### ● 2 moun yo nome

32 CEC yo ofri paron opòtinite pou yo patisipe nan distri lekòl pitit yo. Si pitit ou nan klas Pre-K rive klas 8yèm ane nan yon lekòl leta ki pa lekòl charter, ou ka poze kandidati w pou CEC ki nan distri sa a. Se tout paron nan distri a ki eli manm paron yo.



Pou plis enfòmasyon ale nan:  
[schools.nyc.gov/Elections2023](https://schools.nyc.gov/Elections2023)

## 4 Konsèy Edikasyon Vil la

Kat Konsèy Vil la defann popilasyon byen espesifik:  
elèv lekòl segondè, elèv k ap parann lang anglè, ak elèv ki gen andikap.

### Konsèy Vil la pou Lekòl segondè (Citywide Council on High Schools, CCHS)



- 10 paran yo eli
- 3 moun yo nome

Si w gen yon ptit nan yon lekòl segondè leta ki pa lekòl charter, ou ka poze kandidati w pou vin manm CCHS nan borough kote lekòl segondè ptit ou a ye a. Se tout paran elèv lekòl segondè nan borough sa a ki eli manm paran yo.

### Konsèy Vil la pou Elèv k ap aprann lang anglè (Citywide Council on English Language Learners, CCELL)



- 9 paran yo eli
- 2 moun yo nome

Si ptit ou a se yon elèv k ap aprann lang angle (English Language Learners, ELL) oswa li te yon ELL nan dezan ki sot pase yo, ou ka poze kandidati w pou CCELL. Se paran ELL ki eli manm paran yo.

### Konsèy Vil la pou Edikasyon espesyal (Citywide Council on Special Education, CCSE)



- 9 paran yo eli
- 2 moun yo nome

Si ptit ou a gen yon pwogram edikasyon endividiyèl (Individualized Education Program, IEP) epi l ap resevwa sèvis edikasyon espesyal Depatman edikasyon peye, ou ka poze kandidati w pou CCSE. Se paran timoun ki nan lekòl leta ki gen IEP ki eli manm paran yo.

### Konsèy vil la pou Distri 75 (Citywide Council for District 75, CCD75)



- 9 paran yo eli
- 2 moun yo nome

Si w gen yon timoun ki nan yon lekòl oswa nan yon pwogram Distri 75, ou ka poze kandidati w pou vin manm CCD75. Se paran elèv nan lekòl D75 ki eli manm paran yo.

## Dat enpòtan pou eleksyon 2023

### 9 janvye - 13 fevriye | Peryòd aplikasyon

Aplike pou yon plas nan Konsèy Edikasyon Kominote

### 27 fevriye - 20 avril | Fowòm kandida

Fowòm yo se yon opòtinite pou kandida a di moun ki pral vote yo poukisa yo dwe eli yo pou yo vin manm yon Konsèy edikasyon.

### 21 avril - 9 me | Paran vote sou entènèt

Paran vote pou tout 357 manm konsèy edikasyon.

### Jen 2023 | Yo anonse rezulta yo

### 1ye jiyè 2023-2025 | Dire manda manm Konsèy edikasyon yo

## Anrejistre pou yon Kont Lekòl Vil Nouyòk

Pou ka poze kandidati w pou yon plas nan yon Konsèy edikasyon, ou dwe anrejistre pou yon Kont Lekòl NYC dabò. Anrejistre jodi a nan [schoolsaccount.nyc](https://schoolsaccount.nyc).

## Jwenn plis enfòmasyon



Pou plis enfòmasyon ale nan:

[schools.nyc.gov/Elections2023](https://schools.nyc.gov/Elections2023)

T-34874 (Haitian Creole)